

BAB V

KACINDEKAN, IMPILKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Tujuan umum nu hayang kahontal dina ieu panalungtikan nya éta hayang ngadéskrripsikeun korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung pikeun ngaronjatkeun budaya literasi Sunda taun ajaran 2016/2017. Pikeun ngahontal jeung mikanyaho hal di luhur, dilakukeun panalungtikan kalawan ngagunakeun métode déskriptif korélasional, sarta téhnik ngumpulkeun datana ngagunakeun tés kamampuh maca jeung tés kamampuh nulis.

Sabada ngolah data jeung nganalisis data dina bab IV, ngeunaan korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung pikeun ngaronjatkeun budaya literasi sunda taun ajaran 2016/2017, hasil ieu panalungtikan bisa dicindekkeun sarta ngahasilkeun saran-saran pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca (KÉM) jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 10 Bandung.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab 4, temuan atawa hasil ieu panalitian dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh éféktip maca siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung kurang pisan nya éta aya dina rata-rata 88 kpm, ditilik tina rata-rata gancangna maca 125 kpm, jeung pamahaman eusina 71.
- 2) Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung handap kalayan rata-rata nilai 49.
- 3) Budaya literasi ditilik tina kamampuh éféktip maca jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung *perpormative* atawa handap.
- 4) Korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung aya hubungan anu kuat, dina taraf signifikan 0,73 (korélasi kuat), jeung koéfisien détérmiasina 53,29%.

5.2 Implikasi

Hasil ieu panalungtikan némbongkeun yén kamampuh éféktif maca manggaruhan kana kamampuh nulis pangalaman pribadi. Hartina aya korélasi anu dignifikan antara maca jeung nulis.

Hasil tina ieu panalungtikan méré sawatara implikasi, di antarana:

- 1) implikasi ka siswa sangkan ngalatih deui kamampuh éféktif macana, dina aspék literal jeung aprésiasi, lain saukur gancangna maca wungkul, tapi dibarengan ku paham kana eusi bacaana, sarta ngalatih deui dina nulisna make aturan jeung éjahan anu bener hususna dina basa Sunda;
- 2) implikasi kana kinérja guru basa Sunda pikeun ngaronjatkeun kualitas ngajar, utamana dina ngalatih kamampuh maca jeung kamampuh nulis, sarta méré pangajaran nu leuwih ka siswa dina matéri maca (aspék aprésiasi jeung aspék literal), kitu ogé jeung nulis karangan déskripsi basa Sunda (aspék tata basa, gaya basa jeung éjahan);
- 3) implikasi ka pengamat pendidikan yén kamampuh maca jeung nulis basa Sunda di éta sakola masih kénéh handap. Hartina, kamampuh maca jeung nulis basa Sunda di lingkungan sakola téh kudu dironjatkeun.

5.3 Rékoméndasi

Nilik kana hasil panalungtikan, aya sawatara hal nu perlu diperhatikeun, di antarana nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Hasil panalungtikan nuduhkeun yén kamampuh maca mangaruhan kana kamampuh nulis, ieu hal luyu jeung sababaraha tiori anu ngécéskeun yén kamampuh maca jeung kamampuh nulis silih pakaitan. Tapi ditilik tina hasil kamampuh éféktif maca anu kurang pisan jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi anu handap, dibalukarkeun ku kurangna pangaweruh siswa dina aspék maca saperti literal jeung aprésiasi, kitu ogé jeung nulis, kurangna pangaweruh dina aspék tata basa jeung éjahan. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan nu leuwih jero anu ngaguar hiji métode supaya ningkatkeun pangaweruhna anu kurang.

Ridwan Sidiq, 2017

KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Dina ieu panalungtikan kakara ngukur kamampuh maca jeung nulis siswa dina téks basa Sunda, sangkan hasilna maksimal, perlu diayakeun deui panalungtikan anu ngukur kamampuh maca jeung nulis siswa dina téks basa Indonesia, naha aya bédana atawa henteu, hasilna bisa dipaluruh nu jadi paktor kurangna siswa dina maca atawa nulis téh naha tina paktor étnis, paktor kabiasaan atawa paktor IQ.
- 3) Ieu panalungtikan kakara ngorélasikeun kamampuh éféktif maca jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjénna nu maluruh korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh basa nu séjén, saperti kamampuh nyarita jeung ngaregepkeun. Sarta perlu diayakeun deui panalungtikan séjén nu maluruh métode pangajaran dina maca (aspék literal jeung aspék aprésiasi).